



GID

KOMAN POU W UTILIZE CANVA TANKOU YON PWOFESSIONÈL

METRIZ CANVA NAN 12 ETAP

Faustin Shaina jules

Chapit 1

ENTWODIKSYON AK KREYASYON KONT

Pandan n ap kòmanse, konnen Canva se yon zouti konsepsyon grafik ki pèmèt nenpòt moun kreye bèl imaj san yo pa bezwen yon ekspè.

1. Ale sou sitwèb www.canva.com.
2. Enskri ak adrès Email ou, kont Google, oswa Facebook.
3. Chwazi vèsyon "Free" a (li gratis epi li gen anpil opsyon deja).

Chapit 2

DEKOUVRI PAJ AKÈY LA (DASHBOARD).

Yon fwa ou konekte, ou pral wè:

- Search Bar: Pou chèche modèl (templates) tankou "Logo", "Poster", oswa "Instagram Post".
- Custom Size: Si ou vle mete dimansyon pa w.
- Templates: Yon kategori ki gen desen ki fèt deja ou ka jis modifye.

CHWAZI YON MODÈL (TEMPLATE).

Pa kòmanse sou yon paj vid si ou se yon debutan.

1. Tape sa ou vle kreye a nan ba rechèch la.
2. Klike sou yon modèl ki pa gen ti kouwon lò a (kouwon an vle di li se pou moun ki peye/Pro).
3. Klike sou "Customize this template".